

ACKNOWLEDGMENT OF RECEIPT OF HIPAA NOTICE OF PRIVACY PRACTICES

**POU REKONÈT OU TE RESEVWA
AVI SOU PRATIK PWOTEKSYON VI PRIVE HIPAA A**

Lè mwen siyen anba a, mwen rekonèt yo te ban mwen yon kopi Avi sou Pratik Konfidansyalite (nan lang mwen prefere a, si li disponib) epi konsa yo te fè m konnen kijan enfòmasyon medikal sou mwen (epi, si sa aplikab, sou nenpòt tibebe mwen te akouche pandan mwen te admèt nan Maimonides Medical Center) ka itilize ak pataje pa Maimonides Health ak etablisman ki endike nan kòmansman Avi sa a, epi kijan mwen ka jwenn aksè ak kontwole enfòmasyon sa yo.. Ep tou, mwen rekonèt epi mwen konprann mwen gen dwa pou mwen mande yon kopi eksplikasyon alekri apa sou pwoteksyon vi prive espesyal ki gen rapò ak enfòmasyon sou VIH ak enfòmasyon sante mantal.

Signature of Patient or Personal Representative
Siyati Pasyan an oswa Repezantan Pèsonèl li

Print Name of Patient or Personal Representative
Non Pasyan an oswa Repezantan Pèsonèl li Ekri ak lèt Detache

_____/_____/_____
Date
Dat la

Description of Personal Representative's Authority
Deskripsyon Otorite Repezantan Pèsonèl la

Patient or Personal Representative given a copy in Haitian Creole _____
Yo Bay Pasyan an oswa Repezantan Pèsonèl li yon kopi nan lang Kreyòl

Translated "Notice of Privacy Practices" given to Patient or Personal Representative by: _____

(For internal use or where signature above cannot be obtained)
Except in emergency treatment circumstances, the Health Insurance Portability and Accountability Act of 1996 (HIPAA) requires that we make a good faith effort to obtain written acknowledgment of the patient's receipt of the Notice of Privacy Practices on the first date after April 14, 2003 we provide treatment, products or services to the patient (including at the time of admission, at a first visit to a hospital department, or any other first service contact with the patient). We must make a good faith effort to obtain written acknowledgment when reasonably practicable following an emergency treatment situation. If such acknowledgment cannot be obtained, we must document our good faith efforts to obtain the acknowledgment and why it was not obtained.
Describe good faith efforts to obtain written acknowledgment (include your name and the date):

1. Patient unable to sign due to medical condition(s) Patient refused to sign
Name: _____ Date: _____
2. Patient unable to sign due to medical condition(s) Patient refused to sign
Name: _____ Date: _____
3. Patient unable to sign due to medical condition(s) Patient refused to sign
Name: _____ Date: _____

THE ORIGINAL OF THIS FORM MUST BE PLACED IN THE MEDICAL RECORD

DAT AVI A ANVIGÈ: 16 fevriye 2026

Avi HIPAA sou Pratik Pwoteksyon Enfòmasyon Prive

AVI SA A DEKRI FASON NOU KA ITILIZE EPI DIVILGE ENFÒMASYON MEDIKAL KI KONSÈNE OU AK FASON OU KAPAB JWENN ENFÒMASYON SA YO. TANPRI REVIZE AVI SA A AVÈK ANPIL ATANSYON.

Nou gen obligasyon dapre lalwa pou pwoteje enfòmasyon prive sou sante ou, epi pou ba ou yon kopi Avi sa a. Si ou gen nenpòt kesyon konsènan Avi sa a oswa si ou ta renmen jwenn plis enfòmasyon sou li, tanpri kontakte Reprezantan Fonksyonè ki Responsab Enfòmasyon Prive nan Depatman Relasyon Pasyan nan nimewo 718-283-7212.

KIMOUN K AP RESPEKTE AVI SA A?

Avi sa dekri kijan Maimonides Health, ekip medikal li, ak pwofesyonèl swen sante afilye li k ap bay sèvis swen sante ansanm nan lopital nou an pwoteje enfòmasyon prive pasyan yo. Men moun k ap respekte pratik pwoteksyon enfòmasyon prive ki dekri nan Avi sa a: (1) nenpòt pwofesyonèl swen sante k ap trete ou nan nenpòt sant medikal nou yo, tankou Rezo Sèvis Sante nou san Pasyan yo pa Entèn ak sit Faculty Practice; (2) nenpòt anplwaye, etidyan, estajyè oswa volontè, nan nenpòt sant medikal nou yo; (3) nenpòt anplwaye, ekip medikal, estajyè, etidyan oswa volontè ki nan MMC Pharmacy, Inc.; epi (4) nenpòt asosye biznis Maimonides Health oswa MMC Pharmacy. Doktè prive ou ka gen diferan pran pwoteksyon enfòmasyon prive konsènan itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon sou sante ou ki asosye avèk swen sante li bay nan klinik li.

KI ENFÒMASYON MEDIKAL KI PWOTEJE

Nou pran angajman pou pwoteje enfòmasyon prive nou pran sou pandan n ap ba ou sèvis swen sante. Men kèk egzanp enfòmasyon sou sante ki pwoteje:

- enfòmasyon ki endike ke ou se yon pasyan nan Maimonides Health oswa ke w ap resevwa tretman oswa lòt sèvis ki gen rapò ak sante nan lopital nou an;
- enfòmasyon ki konsène eta sante ou (tankou yon maladi ou ka genyen);
- enfòmasyon sou pwodui oswa sèvis swen sante ou te resevwa oswa ou ka resevwa pidevan (tankou yon operasyon); oswa
- enfòmasyon sou avantaj swen sante ou nan yon plan asirans (tankou si yon medikaman sou preskripsyon garanti nan plan an);

lè enfòmasyon yo melanje avèk:

- enfòmasyon demografik (tankou non ou, adrès oswa kondisyon asirans ou);
- sèl nimewo ki ka idantifye ou (tankou nimewo sekirite sosyal ou, nimewo telefòn ou, oswa nimewo lisans chofè ou); ak
- lòt kalite enfòmasyon ki ka idantifye kimoun ou ye.

RÈG ESPEYAL POU DOSYE KI GEN RAPÒ AK TWOUB ITILIZASYON SIBSTANS (TIS) : Gen yon seri pwoteksyon adisyonèl ki aplike pou enfòmasyon ki gen rapò ak TIS anba 42 CFR Pati 2.

FASON NOU KA ITILIZE EPI DIVILGE ENFÒMASYON SOU SANTE OU SAN OTORIZASYON ALEKRI OU

Nou eksplike anba la a kijan nou ka itilize epi divilge enfòmasyon sou sante ou san otorizasyon alekri ou.

Tretman, Peman, ak Operasyon Biznis

1. **Tretman.** Nou ka divilge enfòmasyon sou sante ou ba doktè, enfimyè, teknisyen oswa lòt pwofesyonèl swen sante ki nan lopital la ak pratik pwofesè afilye li yo ki patisipe nan ba ou swen sante, epi yo ka itilize enfòmasyon yo poutèt sa pou dekouvri ki maladi ou genyen oswa pou trete ou. Yon doktè ki nan lopital nou ka divilge enfòmasyon sou sante ou ba yon lòt doktè ki andedan lopital la, oswa ba yon doktè ki nan yon lòt lopital, pou detèmine kijan pou yo dekouvri maladi ou genyen oswa pou trete ou. Doktè ou ka divilge enfòmasyon sou sante ou ba yon lòt doktè li voye ou pou jwenn lòt swen sante. Diferan depatman nou yo ak pratisyen swen sante nou yo ka divilge enfòmasyon sou sante ou pou yo kapab ba ou epi kowòdone sèvis yo tankou preskripsyon, tès nan laboratwa ak radyografi. Pwofesè nou yo, etidyan nou yo, volontè nou yo ak estajyè nou yo ap gen aksè nan enfòmasyon sou sante ou pou objektif fòmasyon ak tretman pandan y ap patisipe nan fòmasyon kontini, estaj ak pwogram rezidans. Nou ka divilge enfòmasyon sou sante ki konsène ou tou ba moun ki deyò Medical Center la ki ka patisipe nan swen medikal ou apre ou kite Medical Center la, tankou doktè ki pral ba ou lòt swen sante, òganizasyon terapi fizik, founisè ekipman medikal, ajans swen sante nan kay, kay swen sante ak kay retrèt espesyalize.

Dosye TIS ; si enfòmasyon w yo pwoteje pa 42 CFR Pati 2, nou P AP pral divilge yo pou tretman san konsantman ou alkri, sof si Pati 2 la pèmèt yo (pa egzanp, ijans medikal, lòd tribinal espesifik, rapòte krim sou lokal pwogram oswa kont anplwaye pwogram nan).

2. **Peman.** Nou ka itilize enfòmasyon sou sante ou oswa nou ka divilge enfòmasyon yo ba lòt moun yon fason pou nou ka resevwa peman pou sèvis swen sante ou. Pa egzanp, nou ka divilge enfòmasyon ki konsène ou a konpayi asirans ou pou nou ka resevwa ranbousman apre nou trete ou, oswa pou detèmine si y ap toujou garanti tretman ou. Nou ka divilge enfòmasyon ou yo ba lòt pwofesyonèl swen sante ak konpayi asirans pou aktivite peman yo, tankou ba yon konpayi anbilans.

Eksepsyon pou TIS : Nou bezwen konsantman w alekri pou nou divilge enfòmasyon konsènan tretman pou TIS pou peman, sof si gen yon eksepsyon ki aplike pou règleman sa a.

3. **Operasyon Biznis.** Nou ka itilize enfòmasyon sou sante ou oswa nou ka divilge enfòmasyon yo ba lòt moun pou nou ka fè operasyon biznis nou ki gen ladan administrasyon entèn, planifikasyon, ak plizyè aktivite diferan k ap amelyore kalite ak rantabilite swen sante nou ba ou a, tankou amelyorasyon pèfòmans, revizyon itilizasyon, verifikasyon entèn, akreditasyon, sètifika, aktivite pou bay lisans, aktivite edikasyon ak aktivite pou bay akreditasyon. Pa egzanp, nou ka itilize enfòmasyon sou sante ou pou fè sondaj sou satisfaksyon pasyan, pou evalye pèfòmans ekip nou an nan ba ou swen, oswa pou edike ekip nou an sou fason pou yo amelyore swen sante yo ba ou a. Nou ka divilge enfòmasyon sou sante ou ba reprezantan pasyan nou yo ak ba lòt ekip pou yo kapab rezoud nenpòt plent ou ka genyen epitou pou asire ou fè yon bon vizit nan lopital nou an. Finalman, nou ka divilge enfòmasyon sou sante ou ba lòt pwofesyonèl swen sante ak bay konpayi asirans pou sèten nan operasyon biznis yo si enfòmasyon yo asosye avèk yon relasyon pwofesyonèl swen sante a oswa konpayi asirans lan genyen nan moman an oswa te genyen anvan avèk nou, epitou si pwofesyonèl swen sante a oswa konpayi asirans lan gen obligasyon dapre lalwa federal pou pwoteje enfòmasyon prive sou sante ou.

Eksepsyon pou TIS : Operasyon ki enplike enfòmasyon TIS yo toujou egzije nou pran konsantman ekri ou nòmalmman.

NOTE BYEN : itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon konsènan tretman pou ka TIS yo nan sitiyasyon ki dekri pi ba a ka egzije nou mande konsantman ekri ou anba 42 CFR Pati 2.

1. **Rapèl pou Randevou, Lòt Tretman, Avantaj Ak Sèvis.** Nan pwosesis pou ba ou tretman, nou ka itilize enfòmasyon sou sante ou pou kontakte ou pou fè ou sonje ou gen yon randevou pou tretman oswa pou sèvis. Nou ka itilize enfòmasyon sou sante ou tou pou nou kapab rekòmande lòt kalite tretman posib oswa avantaj ki asosye avèk sante ak sèvis ki ka enterese ou.
2. **Aktivite Ranmasaj Lajan.** Pou sipòte operasyon biznis nou, nou ka divilge enfòmasyon demografik ki konsène ou, tankou enfòmasyon sou laj ou ak enfòmasyon sou sèks ou, kote w ap viv oswa kote w ap

travay ak dat ou te resevwa tretman, depatman sèvis la, doktè ki trete ou, enfòmasyon sou rezilta yo ak enfòmasyon sou kondisyon asirans sante ou pou nou kapab kontakte ou pou aktivite ranmasaj lajan pou ede nou opere. Nou ka divilge enfòmasyon sa yo ba yon fondasyon charite k ap kontakte ou pou aktivite ranmasaj lajan sou non nou. Si ou pa vle nou kontakte ou pou aktivite ranmasaj lajan, ou ka kontakte Biwo Developman an (Development Office) nan nimewo 718-283-3600.

3. **Asosye Biznis.** Nou ka divilge enfòmasyon sou sante ou yo ba antreprenè, ajan ak lòt asosye biznis ki bezwen enfòmasyon yo pou yo kapab ede nou bay tretman oswa pou yo kapab ede nou resevwa peman oswa pou yo kapab ede nou fè operasyon biznis nou. Pa egzanp, nou ka divilge enfòmasyon sou sante ou ba yon konpayi faktirasyon ki ede nou resevwa peman nan konpayi asirans ou. Nou ka divilge enfòmasyon sou sante ou ba transkriptè medikal ak sèvis kopi ki ede nou fè kopi dosye medikal ou. Si nou divilge enfòmasyon sou sante ou ba yon asosye biznis, n ap gen yon kontra alekri k ap egzije pou asosye biznis nou yo pwoteje enfòmasyon prive sou sante ou.
4. **Anyè Pasyan.** Si ou pa di nou ou pa dakò, n ap mete non ou, kote ou ye nan sant medikal nou, eta sante jeneral ou (pa egzanp, pasab, estab, kritik, elatriye) ak afilyasyon relijyon ou nan Anyè Pasyan nou pandan ou se yon pasyan nan lopital la oswa nan nenpòt sant medikal nou yo. Sof pou afilyasyon relijyon ou, nou ka divilge enfòmasyon ki nan anyè sa a ba moun ki mande pou ou dapre non ou. Nou ka divilge afilyasyon relijyon ou ba yon manm klèje a, tankou yon pè oswa yon raben, menmsi li pa mande pou ou dapre non ou.
5. **Òganizasyon Sekou pou Katastwòf.** Nou ka divilge enfòmasyon sou sante ou ba òganizasyon sekou pou katastwòf tankou Lakwa-Wouj pou ede manm fanmi ou oswa zanmi ou chèche kote ou ye oswa pou konnen eta sante jeneral ou sizoka gen yon katastwòf.
6. **Fanmi ak Zanmi ki Patisipe nan Swen Sante Ou.** Si ou pa di nou ou pa dakò, nou ka divilge enfòmasyon sou sante ou ba yon manm fanmi ou, yon moun pwòch ou oswa yon zanmi pèsònèl ou ki patisipe nan swen sante ou oswa nan peman pou swen sante ou resevwa a. Nou ka sipoze ou dakò pou nou divilge enfòmasyon sou sante ou ba madanm/mari ou lè ou mennen madanm/mari ou avèk ou nan sal egzamen an oswa nan Maimonides Health la pandan tretman an oswa pandan n ap diskite sou tretman an. Nou ka fè yon manm fanmi, yon reprezantan pèsònèl oswa yon lòt moun ki responsab pou swen sante ou konnen kote ou ye ak eta sante jeneral ou isit la nan lopital la, oswa nou ka fè yo konnen move nouvèl lanmò ou. Nan kèk ka, nou ka bezwen divilge enfòmasyon ou yo ba yon òganizasyon sekou pou katastwòf k ap ede nou enfòme moun sa yo.

7. Bezwen Piblik

Nou ka itilize enfòmasyon sou sante ou, epi nou ka divilge enfòmasyon yo ba lòt moun, pou nou konfòme nou avèk lalwa oswa pou satisfè bezwen piblik enpòtan ki dekri anba la yo.

Dapre Egzijans Lalwa. Nou ka itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante ou si lalwa egzije pou nou fè sa. N ap fè ou konnen itilizasyon ak divilgasyon sa yo tou si nou gen obligasyon dapre lalwa pou ba ou avi a.

Aktivite Sante Piblik. Nou ka divilge enfòmasyon sou sante ou ba ofisyèl sante piblik ki otorize (oswa ba yon ajans gouvènman etranje k ap kolabore avèk ofisyèl sa yo) yon fason pou yo ka mennen aktivite sante piblik yo. Pa egzanp, nou ka divilge enfòmasyon sou sante ou ba ofisyèl gouvènman ki responsab pou kontwòle maladi, chòk oswa andikap.

Moun Ki Viktim Abi, Neglijans Oswa Vyolans Nan Kay. Nou ka divilge enfòmasyon sou sante ou ba yon otorite sante piblik ki otorize pou resevwa rapòt abi, neglijans oswa vyolans nan kay. Pa egzanp, nou ka rapòte enfòmasyon ou yo ba ofisyèl gouvènman si nou kwè yon fason rezonab ou te yon viktim abi, neglijans oswa vyolans nan kay. N ap fè tout efò ki posib pou jwenn pèmasyon ou anvan nou divilge enfòmasyon sa yo, men nan kèk ka, nou ka gen obligasyon oswa otorizasyon pou pran desizyon san pèmasyon ou.

Aktivite Sipèvizyon Sante. Nou ka divilge enfòmasyon sou sante ou ba ajans gouvènman ki otorize pou fè odit, ankèt, enspeksyon ak bay lisans pou sant medikal nou yo. Ajans gouvènman sa yo kontwòle

operasyon sistèm swen sante a, pwogram avantaj gouvènman tankou Medicare ak Medicaid, ak konfòmite avèk pwogram kontwòl gouvènman an ak lwa sou dwa sivil yo.

Kontwòl, Reparasyon ak Retrè Pwodui. Nou ka divilge enfòmasyon sou sante ou ba yon moun oswa ba yon konpayi ki anba kontwòl Ajans Etazini pou Kontwòl Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration) pou yo kapab fè rapò sou pwoblèm avèk pwodui yo.

Pwosè Ak Konfli. Nou ka divilge enfòmasyon sou sante ou si nou resevwa lòd yon tribinal oswa lòd yon tribinal administratif ki travay sou yon pwosè oswa yon lòt konfli.

Aktivite Sekirite Nasyonal Ak Entèlijans Oswa Sèvis Pwoteksyon. Nou ka divilge enfòmasyon sou sante ou ba ofisyèl federal otorize k ap mennen aktivite sekirite nasyonal ak entèlijans oswa k ap bay sèvis pwoteksyon pou Prezidan oswa lòt ofisyèl enpòtan.

Fòs Lane Ak Veteran. Si ou nan Fòs Lane, nou ka divilge enfòmasyon medikal ou ba otorite kòmanman militè apwopriye pou aktivite yo kwè ki nesèsè pou egzekite misyon militè yo. Nou ka divilge enfòmasyon sou sante konsènan anplwaye fòs lane peyi etranje tou ba otorite fòs lane peyi etranje apwopriye.

Prizonye Ak Enstitisyon Koreksyonèl. Si ou se yon prizonye oswa si ou ofisye lapolis mete ou an gadavi, nou ka divilge enfòmasyon sou sante ou ba ofisye prizon oswa ba ofisye lapolis yo si li nesèsè pou nou ba ou swen sante, oswa pou kenbe pwoteksyon, sekirite ak bon lòd nan kote ou nan prizon an. Sa gen ladan divilgasyon enfòmasyon ki nesèsè pou pwoteje sante ou ak sekirite lòt prizonye yo oswa moun ki patisipe nan sipèvizyon oswa transpò prizonye.

Konpansasyon Travayè. Nou ka divilge enfòmasyon sou sante ou pou pwogram konpansasyon travayè oswa pou pwogram ki sanble ki bay avantaj pou chòk ou pran travay.

Doktè Lejis, Doktè Egzaminatè Ak Direktè Ponp Finèb. Nou ka divilge enfòmasyon sou sante ou ba yon doktè lejis oswa ba yon doktè egzaminatè. Sa ka nesèsè, pa egzanzp, pou detèmine sa ki lakòz lanmò ou. Nou ka divilge enfòmasyon sa yo tou ba direktè ponp finèb yo jan sa nesèsè pou yo fè travay yo.

Don Ògàn Ak Tisi. Nou ka divilge enfòmasyon sou sante ou ba òganizasyon ki bay oswa konsève ògàn, zye oswa lòt tisi.

Rechèch. Nou ka itilize epi divilge enfòmasyon sou sante ou san otorizasyon ou alekri si nou jwenn apwobasyon nan yon pwosesis espesyal pou asire rechèch san otorizasyon ou alekri reprezante yon risk minimòm pou enfòmasyon prive ou. Men, nan okenn sikonstans, nou pa ta dwe kite chèchè yo itilize non ou oswa idantite ou piblikman. Nou ka pibliye enfòmasyon sou sante ou tou san otorizasyon ou alekri ba moun k ap prepare yon pwojè rechèch pidevan, depi nenpòt enfòmasyon ki idantifye ou pa sòti nan sant medikal nou an. Nou ka divilge enfòmasyon sou sante ou ba moun k ap fè rechèch avèk enfòmasyon moun ki mouri, depi yo dakò pou pa retire nenpòt enfòmasyon ki idantifye ou nan sant medikal nou an.

Pou Evite Yon Menas Grav Ak Imedyat Sou Sante Oswa Sekirite. Nou ka itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante ou ba lòt moun lè li nesèsè pou evite yon menas grav ak imedyat sou sante oswa sekirite ou, oswa sou sante oswa sekirite yon lòt moun oswa piblik la. Nan ka sa yo, n ap sèlman divilge enfòmasyon ou yo ba moun ki kapab ede evite menas la. Nou ka divilge enfòmasyon sou sante ou tou ba ofisye lapolis si ou fè nou konnen ou te patisipe nan yon krim vyolan ki te ka lakòz domaj fizik grav sou yon lòt moun (sof si ou te admèt zak la pandan ou t ap resevwa konsèy), oswa si nou detèmine ou te se sove nan detansyon legal (tankou yon prizon oswa yon enstitisyon sante mantal).

Lapolis. Nou ka divilge enfòmasyon sou sante ou ba ofisyèl lapolis pou rezon ki endike anba la yo:

- Pou konfòme nou avèk lòt tribinal oswa lwa nou gen obligasyon pou respekte;
- Pou ede ofisye lapolis idantifye oswa jwenn yon sispèk, yon moun ki sove, yon temwen oswa yon moun yo pa wè;

- Si ou se viktim yon krim epi nou detèmine: (1) nou pa t kapab jwenn konsantman ou akòz yon ijans oswa paske ou entatad; (2) ofisyèl lapolis bezwen enfòmasyon sa yo imedyatman pou fè travay lapolis yo; epi (3) nan jijman pwofesyonèl divilgasyon ba ofisyè sa yo nan pi bon enterè ou;
- Si nou sispèk ou te mouri akòz yon zak kriminèl;
- Si li nesèsè pou rapòte yon krim ki te fèt lakay ou; oswa
- Si li nesèsè pou rapòte yon krim yo dekouvri pandan yon ijans medikal ki fèt deyò (pa egzanp, teknisyen medikal pou ijans nan kote krim nan fèt).

Divilgasyon Segondè.

Menmsi n ap fè etap rezonab pou garanti enfòmasyon prive sou sante ou, sèten divilgasyon enfòmasyon sou sante ou ka fèt pandan oswa kòm yo rezilta inevitab itilizasyon oswa divilgasyon akseptab enfòmasyon sou sante ou. Pa egzanp, pandan pwosesis yon sesyon tretman, lòt pasyan ki nan zòn tretman an ka wè, oswa tandè diskisyon sou enfòmasyon sou sante ou.

LÈ OTORIZASYON OU OBLIGATWA.

Itilizasyon oswa divilgasyon enfòmasyon sou sante ou pou lòt objektif oswa aktivite, ki pa endike anwo a, ap fèt sèlman avèk otorizasyon alekri ou. Si ou ban nou otorizasyon pou nou itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante ou, ou ka anile otorizasyon sa a, alekri, nenpòt kilè. Si ou anile otorizasyon ou, nou p ap itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante ou pou rezon ki endike nan otorizasyon alekri ou. Men, nou pa kapab re pran nenpòt divilgasyon nou fè deja avèk otorizasyon ou.

Pifò itilizasyon ak divilgasyon nòt siko-terapi, itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon sou sante ou pou objektif maketing, ak divilgasyon ki reprezante yon lavant enfòmasyon sou sante ou ap fèt sèlman avèk otorizasyon ou alekri.

PWOTEKSYON KONFIDANSYALITE ESPESYAL POU DOSYE TIS YO : Enfòmasyon sou tretman pou ka TIS yo benefisyè de yon pwoteksyon konfidansyalite adisyonèl anba 42 CFR Pati 2, ki limite fason Maimonides Health kapab itilize oswa divilge enfòmasyon sou tretman ou resevwa pou TIS. Sòf si w siyen yon fòmilè konsantman, Maimonides Health sèlman gen dwa divilge enfòmasyon sou tretman ou resevwa pou TIS nan kèk sikonstans limite, selon endikasyon ki nan 42 CFR Pati 2. Yo ka pèmèt Maimonides Health pou itilize oswa divilge dosye TIS ou yo san konsantman ekri w si gen yon ijans medikal oswa yon sikonstans espesyal, selon endikasyon ki nan 42 CFR Pati 2.

DWA POU JWENN EPI KONTWOLE ENFÒMASYON SOU SANTE OU

Ou gen dwa ki endike anba la yo konsènan enfòmasyon sou sante nou konsève sou ou:

1. Dwa Pou Fè Enspeksyon Ak Kopi Dosye yo

Ou gen dwa pou enspekte epi resevwa yon kopi enfòmasyon sou sante ou nou ka itilize pou pran desizyon konsènan ou ak tretman ou depi nou konsève enfòmasyon sa yo nan dosye nou yo. Sa gen ladan dosye medikal ak dosye faktirasyon. Pou enspekte enfòmasyon sou sante ou oswa pou resevwa yon kopi ladan yo, tanpri soumèt demann ou alekri nan Depatman Sèvis Enfòmasyon sou Sante. Si ou mande yon kopi enfòmasyon yo, nou ka fè ou peye yon frè pou depans nou fè pou kopi a, pou voye kopi a ba ou pa lapòs oswa pou lòt materyèl nou itilize pou satisfè demann ou. Frè nòmal la se \$0.75 pou chak paj epi anjeneral, ou dwe peye frè a anvan oswa nan moman nou ba ou kopi yo

Nan sèten sikonstans, nou ka bay refi pou demann ou fè pou enspekte enfòmasyon ou yo oswa pou resevwa yon kopi ladan. Si nou fè sa, n ap ba ou yon avi alekri pou eksplike ou rezon ki fè nou bay refi pou demann ou, epitou n ap ba ou yon deskripsyon okonplè dwa ou pou mande nou pou revize desizyon an ak fason ou kapab egzèsè dwa sa yo. Avi a ap gen ladan tou enfòmasyon sou fason pou fè plent sou pwoblèm sa yo ban nou oswa ba Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Sosyal. Si nou gen rezon pou bay refi sèlman pou yon pati nan demann ou, n ap ba ou aksè nan rès pati yo.

2. **Dwa Pou Fè Chanjman Nan Dosye yo**

Si ou kwè enfòmasyon sou sante nou genyen sou ou pa kòrèk oswa si enfòmasyon yo pa konplè, ou ka mande nou pou fè chanjman nan enfòmasyon yo. Ou gen dwa pou mande yon chanjman toutotan nou kenbe enfòmasyon yo nan dosye nou yo. Pou mande yon chanjman nan enfòmasyon ou yo, tanpri voye yon lèt ba Depatman Sèvis Enfòmasyon sou Sante. Demann ou ta dwe gen ladan rezon ki fè ou panse nou ta dwe fè chanjman an. Anjeneral, n ap reponn demann ou nan 60 jou. Si nou bezwen plis tan pou bay yon repons, n ap fè ou konnen sa alekri pou eksplike ou rezon pou reta a ak lè nou kapab espere resevwa yon repons final pou demann ou.

Si nou bay refi pou yon pati oswa pou tout demann ou, n ap ba ou yon avi alekri pou eksplike ou rezon ki lakòz nou fè sa. W ap gen dwa pou jwenn sèten enfòmasyon ki asosye avèk chanjman ou mande ki pou ajoute nan dosye nou yo. Pa egzanp, si ou pa dakò avèk desizyon nou pran an, w ap gen yon opòtinite pou soumèt yon deklarasyon pou eksplike dezakò ou, epi n ap ajoute sa nan dosye nou yo. N ap mete tou enfòmasyon sou fason pou pote plent ban nou oswa ba Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Sosyal. N ap eksplike ou pwosedi sa yo avèk plis detay nan nenpòt avi nou voye ba ou pou refi.

3. **Dwa Pou Resevwa yon Kontrandi Sou Divilgasyon yo**

Ou gen yon dwa pou mande yon kontrandi divilgasyon yo (jan sa defini anba la a) ki idantifye sèten lòt moun oswa òganizasyon nou te divilge enfòmasyon sou sante ou ba yo. Si ou fè yon demann kontrandi divilgasyon ba Maimonides Health, anjeneral repons nou ap konsène sèlman divilgasyon Maimonides Health la fè (tankou klinik nou yo) epi repons nou p ap gen ladan divilgasyon lòt enstitisyon yo oswa lòt moun fè ki endike nan kòmansman Avi sa a tankou divilgasyon chak doktè apa fè nan klinik prive yo.

Yon kontrandi divilgasyon yo p ap gen ladan enfòmasyon sou divilgasyon ki endike anba la yo:

- Divilgasyon nou te fè ba ou oswa ba reprezantan pèsonèl ou;
- Divilgasyon nou te fè dapre otorizasyon ou te ban nou alekri;
- Divilgasyon nou te fè pou tretman, pou peman oswa pou operasyon biznis nou;
- Divilgasyon nou te fè nan anyè pasyan yo;
- Divilgasyon nou te ba zanmi ou oswa ba fanmi ou ki te patisipe nan swen sante ou oswa nan peman pou swen sante ou;
- Divilgasyon ki te segondè pou itilizasyon ak divilgasyon akseptab enfòmasyon sou sante ou (pa egzanp, lè yon lòt pasyan ki t ap pase te tande enfòmasyon yo);
- Divilgasyon pou objektif rechèch, sante piblik ak operasyon biznis nou sou pòsyon limite enfòmasyon sou sante ou ki pa idantifye ou dirèkteman;
- Divilgasyon nou te fè ba ofisyèl federal pou aktivite sekirite nasyonal ak aktivite ransèyman;
- Divilgasyon nou te fè konsènan prizonye ba enstitisyon koreksyonèl oswa ba ofisye lapolis.

Pou mande yon kontrandi divilgasyon yo, tanpri voye yon lèt ba Depatman Sèvis Enfòmasyon sou Sante. Demann ou dwe endike yon peryòd tan nan dènye sis (6) ane pou divilgasyon nou mete nan kontrandi a. Ou gen yon dwa pou resevwa yon kontrandi nan chak peryòd 12 mwa pou gratis. Men, nou ka fè ou peye lajan pou depans nou fè pou ba ou nenpòt kontrandi siplemantè nan menm peryòd 12 mwa yo. N ap toujou fè ou konnen nenpòt depans nou fè pou ou ka chwazi pou anile oswa pou chanje demann ou anvan ou peye nenpòt frè.

Anjeneral, n ap reponn demann ou fè pou yon kontrandi nan 60 jou. Si nou bezwen plis tan pou prepare kontrandi a, n ap fè ou konnen sa alekri konsènan rezon pou reta a ak dat lè ou kapab prevwa w ap resevwa kontrandi a. Nan ka ki ran, nou ka pran reta pou nou ba ou yon kontrandi san nou pa fè ou konnen sa si yon ofisyèl lapolis oswa yon ajans gouvènman mande nou pou fè sa.

4. **Dwa pou Mande Lòt Pwoteksyon pou Enfòmasyon Prive ou**

Ou gen dwa pou mande pou nou mete restriksyon sou fason nou itilize epi divilge enfòmasyon sou sant ou pou trete eta sante ou, pou touche peman pou tretman an, oswa pou òganize operasyon biznis nou. Ou ka mande tou pou nou limite fason nou divilge enfòmasyon sou ou ba fanmi ou oswa ba zanmi ou ki konsène nan swen sante ou. Pa egzanp, ou kapab mande pou nou pa divilge enfòmasyon ki konsène yon operasyon ou te fè. Pou mande yon restriksyon yo, tanpri voye yon lèt

ba Depatman Sèvis Enfòmasyon sou Sante. Demann ou ta dwe gen ladan (1) ki enfòmasyon ou vle limite yo; (2) si ou vle limite fason nou itilize enfòmasyon yo, fason nou divilge yo ba lòt moun, oswa toulède fason yo; epi (3) ba moun ou vle pou nou aplike limite yo. N ap voye yon repons alekri ba ou. Eksepte jan sa dekri anba la a, nou pa gen obligasyon pou nou dakò avèk demann ou pou yon restriksyon, epi nan kèk ka, lalwa ka pa ban nou otorizasyon pou restriksyon ou mande a. Nou gen obligasyon pou dakò avèk demann ou fè pou nou pa divilge enfòmasyon sou yon sèvis ba plan sante ou pou peman oswa pou operasyon swen sante si ou peye pou sèvis la nèt poukont “avèk lajan pòch ou.” Si nou dakò pou yon restriksyon, n ap respekte akò nou sof si enfòmasyon yo nesèsè pou ba ou tretman pou ijans oswa pou nou konfòme nou avèk lalwa. Depi nou dakò pou yon restriksyon, ou gen dwa pou anile restriksyon an nenpòt kilè. Nan kèk sikonstans, n ap gen dwa tou pou anile restriksyon an depi nou fè ou konnen anvan nou fè sa; nan lòt ka yo, n ap bezwen pèmasyon ou anvan nou kapab anile restriksyon an.

5. **Dwa Pou Mande Kominikasyon Yo An Sekrè**

Ou gen dwa pou mande pou nou kominike avèk ou sou zafè medikal nan yon fason ki pi sekre si ou mande pou nou kominike avèk nou nan lòt mwayen oswa lòt adrès. Pa egzanp, ou ka mande pou nou kontakte ou sèlman lakay ou alapas travay ou. Pou mande kominikasyon an sekre, tanpri voye yon lèt nan Depatman Relasyon Pasyon nou. Nou p ap mande ou rezon pou demann ou, epi n ap eseye satisfè tout demann rezonab yo. Tanpri endike nan demann ou fason oswa kote ou vle pou nou kontakte ou, ak fason pou nou travay sou peman pou swen sante ou si nou ta kominike avèk ou nan lòt kalite metòd sa a oswa nan lòt adrès sa a.

6. **Dwa Aksè Elektwonik**

Ou gen dwa pou jwenn kopi elektwonik enfòmasyon sou sante ou lè ou mande sa (nan limit nou kenbe enfòmasyon yo nan yon fòm elektwonik). Lè nou pa kapab pwodui enfòmasyon yo byen vit sou fòm elektwonik lan ak nan fòm ou mande a, n ap ba ou enfòmasyon yo nan yon lòt fòm elektwonik k ap fasil pou li jan oumenm ak nou dakò sou sa.

N ap fè ou konnen nan avi sa a, si ou mande pou nou ba ou enfòmasyon ki disponib yo nan yon fòm elektwonik nan imèl, imèl se yon mwayen ki pa pwoteje pou transmèt enfòmasyon epi gen risk tou si nou voye enfòmasyon yo ba ou nan imèl. Moun ki pa konsène gen plis chans pou yo jwenn enfòmasyon nou transmèt nan imèl pase mwayen transmisyon ki pwoteje yo. Si nou dakò pou imèl ou enfòmasyon yo, ou aksepte risk nou te fè ou konnen yo, epitou ou dakò pou nou pa responsab pou aksè nan enfòmasyon sou sante ou san otorizasyon menmsi se nan transmisyon an nou fè ba ou a dapre demann ou, oswa lè nou ba ou enfòmasyon yo.

7. **Vyolasyon Enfòmasyon sou Sante**

N ap fè ou konnen si gen yon vyolasyon sou enfòmasyon sou sante ou ki pa pwoteje.

LÒT ENFÒMASYON

Fason Yon Moun Ka Pran Desizyon Sou Non Ou.

Ou gen dwa pou deziyen yon reprezantan pèsònèl ki ka pran desizyon sou non ou pou kontwòl enfòmasyon prive sou sante ou. Men, tanpri sonje, lè ou deziyen yon moun pou pran desizyon sou non ou pou kontwòl enfòmasyon prive sou sante ou sa pa vle di ou bay moun sa a dwa pou pran desizyon pou tretman sou non ou. Anjeneral, paran ak responsab legal yo gen dwa pou kontwòl enfòmasyon prive sou sante konsènan timoun minè yo sof si lalwa bay timoun minè yo otorizasyon pou yo pran desizyon sou non yo.

Pwoteksyon Espesyal Pou Enfòmasyon Sou VIH, Sante Mantal, Abi Alkòl/Dwòg.

Pwoteksyon espesyal sou enfòmasyon prive aplike sou enfòmasyon sou VIH, ak sou sèten enfòmasyon sou sante mantal ak enfòmasyon sou abi alkòl/dwòg. Kèk pati nan Avi sou Pratik Pwoteksyon Enfòmasyon Prive ka pa aplike nan kalite enfòmasyon sa yo. Yon eksplikasyon alekri sou fason n ap pwoteje enfòmasyon sa yo endike nan fen Avi sa a.

Fonksyonè ki Responsab Enfòmasyon Prive.

Fonksyonè nou ki Responsab Enfòmasyon Prive a se Sandra Maliszewski. Si ou gen nenpòt kesyon konsènan Avi sa a oswa si ou ta renmen jwenn plis enfòmasyon sou li, tanpri kontakte Reprèzantan Fonksyonè ki Responsab Enfòmasyon Prive nan Depatman Relasyon Pasyan nan nimewo 718-283-7212.

FASON POU JWENN KOPI AVI SA A

Ou gen dwa pou jwenn yon kopi avi sa a sou papye. Ou ka mande yon kopi sou papye nenpòt kilè, menmsi ou te dakò anvan pou resevwa avi sa a sou fòm elektwonik. Pou fè sa, tanpri kontakte Depatman Relasyon Pasyan nan nimewo 718-283-7212. Ou ka resevwa yon kopi dokiman sa a tou nan sitwèb nou nan www.maimo.org, oswa depi ou mande yon kopi nan pwochen vizit ou. Nou ka fè chanjman nan pratik nou pou pwoteksyon enfòmasyon prive tanzantan. Si nou fè sa, n ap revize avi sa a yon fason pou ou gen yon rezime egzat pratik nou yo. Avi ki revize a aplike pou tout enfòmasyon ou yo Maimonides Health, pwofesyonèl swen sante afilye li yo genyen, epitou n ap gen obligasyon dapre lalwa pou respekte kondisyon li yo. W ap kapab resevwa kopi pa ou nan avi revize sa a tou depi ou kontakte Depatman Relasyon Pasyan nan nimewo 718-283-7212, depi ou ale nan sitwèb nou, oswa depi ou mande youn nan moman w ap fè pwochen vizit ou. Dat Avi a Anvigè ap endike nan kwen dwat anlè premye paj la.

KILÈ POU POTE YON PLENT

Si ou kwè nou vyole dwa ou pou enfòmasyon prive, ou ka fè yon plent ban nou oswa ba Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Sosyal. Pou fè yon plent ban nou, tanpri kontakte Depatman Relasyon Pasyan nan nimewo 718-283-7212. Okenn moun p ap fè vanjans kont ou oswa p ap fè aksyon kont ou poutèt ou fè yon plent.

SEKRÈ ENFÒMASYON SOU SANTE MANTAL

Enfòmasyon prive ak sekre enfòmasyon sou sante mantal nou genyen nan nenpòt inite oswa pwogram lopital sa a ki gen lisans espesyal pou bay sèvis sante mantal pwoteje nan lwa ak règleman Eta a. Sèten kalite enfòmasyon sou sante mantal gen pwoteksyon siplemantè. Si gen nenpòt konfli ant pwoteksyon sa yo ak pwoteksyon ki garanti lòt enfòmasyon sou sante ki dekri anwo a, se pwoteksyon espesyal pou enfòmasyon sou sante mantal k ap aplike.

Anjeneral, anplwaye ki nan Maimonides Health (oswa asosye biznis li yo) ka itilize enfòmasyon sou sante mantal ou anrapò avèk responsablite yo pou ba ou tretman, pou resevwa peman pou tretman an, oswa pou fè operasyon biznis Maimonides Health. Anjeneral, Maimonides Health ka pa divilge enfòmasyon sou sante mantal sou ou ba lòt moun ki deyò lopital la, *sof nan sityasyon ki endike anba la yo*:

- Maimonides Health resevwa otorizasyon ou alekr;
- Ba yon reprèzantan pèsonel ki otorize pou pran desizyon sou swen sante sou non ou;
- Ba ajans gouvènman oswa ba konpayi asirans prive pou nou kapab resevwa peman pou sèvis nou te ba ou;
- Ba lòt pwofesyonèl sante mantal ki trete ou epi ki patisipe nan sistèm sante mantal òganize Eta a;
- Pou konfòme nou avèk yon lòd tribinal;
- Ba moun apwopriye ki kapab detounen yon menas grav epi ki imedyat pou sante oswa sekirite ou oswa yon lòt moun;
- Ba otorite konpetan gouvènman pou chèche yon moun yo pa wè oswa pou fè yon ankèt kriminel jan lwa federal ak lwa Eta a sou sekre enfòmasyon pèmision pou sa;
- Ba sèvis ijans lopital ki gen lisans jan lwa federal ak lwa Eta sou sekre enfòmasyon bay pèmision pou sa;
- Ba sèvis legal sante mantal Eta a ofri;
- Ba avoka ki reprèzante pasyan yo nan yon pwosedi pou entènè pasyan yo kont volonte yo;
- Ba ofisyèl gouvènman ki otorize pou kontwole oswa pou evalye kalite swen sante Maimonides Health oswa ekip li bay;

- Ba chèchè kalifye san otorizasyon espesyal ou lè rechèch la reprezante yon risk minimòm pou enfòmasyon prive ou;
- Ba doktè lejis oswa ba doktè egzaminatè pou detèmine sa ki lakòz ou mouri; epi
- Si ou se yon prizonye, nan yon sant koreksyonèl ki sètifye enfòmasyon yo nesèsè pou yo kapab ba ou swen sante, oswa pou yo kapab pwoteje sante oswa sekirite ou oswa sante oswa sekirite nenpòt lòt moun ki nan sant koreksyonèl la.

SEKRÈ ENFÒMASYON SOU VIH

Enfòmasyon prive ak sekre enfòmasyon sou VIH nou genyen nan Maimonides Health pwoteje nan lwa ak règleman federal ak Eta a. Pwoteksyon sa yo pi avanse pase pwoteksyon pou lòt enfòmasyon sou swen sante ou ki dekri anwo a.

Enfòmasyon sekre sou VIH se nenpòt enfòmasyon ki endike ou te fè yon tès VIH, ou te gen yon maladi ki asosye avèk VIH, oswa SIDA, oswa si ou gen yon enfeksyon ki asosye avèk VIH, epitou nenpòt enfòmasyon ki kapab idantifye ou yon fason rezonab kòm yon moun ki te fè yon tès oswa ki te gen yon enfeksyon VIH.

Dapre lwa Eta New York, nou kapab sèlman bay enfòmasyon sekre sou VIH ba moun ki gen pèmasyon pou resevwa yo dapre lalwa, oswa ba ou bay pèmasyon pou resevwa yo depi ou siyen yon fòm otorizasyon alekri.

Anjeneral, anplwaye nou ki nan Maimonides Health ki bezwen enfòmasyon yo pou ba ou swen sante oswa tretman dirèk ka itilize enfòmasyon sekre sou VIH ki konsène ou pou travay sou dosye faktirasyon oswa sou dosye ranbousman, oswa pou kontwòl oswa pou evalye kalite swen sante nou bay nan Maimonides Health. Anjeneral, Maimonides Health ka pa divilge ba yon moun ki deyò Maimonides Health nenpòt enfòmasyon sekre sou VIH Maimonides Health resevwa nan pwosesis pou trete ou, *sof si*:

- Maimonides Health resevwa otorizasyon ou alekri;
- Divilgasyon an se ba yon moun ki otorize dapre lwa ki anvigè pou pran desizyon sou swen sante sou non ou epi enfòmasyon ki divilge yo se enfòmasyon ki enpòtan pou moun k ap pran desizyon konsa sou swen sante ou jwe wòl la;
- Divilgasyon an se ba yon lòt pwofesyonèl swen sante oswa ba yon konpayi asirans pou ba ou tretman oswa pou resevwa peman pou tretman an;
- Divilgasyon an se ba yon ajan deyò Maimonides Health ki bezwen enfòmasyon ou pou swen sante oswa tretman dirèk, pou travay sou dosye faktirasyon oswa sou dosye ranbousman, oswa pou kontwòl oswa pou evalye kalite swen sante nou ba ou nan Maimonides Health. Nan ka sa yo, anjeneral Maimonides Health ap fè yon akò avèk ajan an pou asire enfòmasyon sekre sou VIH ou pwoteje jan sa obligatwa dapre lwa ak règleman federal ak Eta a sou sekre enfòmasyon;
- Divilgasyon an obligatwa dapre lalwa oswa lòd tribinal;
- Divilgasyon an se ba yon òganizasyon ki pwokire ògàn kò pou transplantasyon;
- Ou resevwa sèvis nan yon pwogram ki anba kontwòl oswa ki anba sipèvizyon yon ajans federal gouvènman federal, yon ajans gouvènman eta a ak yon ajans gouvènman lokal, epi divilgasyon an fèt ba ajans gouvènman an oswa ba lòt anplwaye oswa ajan ajans lan lè li nesèsè yon fason rezonab pou sipèvizyon, kontwòl, administrasyon sèvis pwogram nan;
- Maimonides Health gen obligasyon dapre lwa federal oswa lwa Eta a pou fè divilgasyon an ba yon fonksyonè sante piblik, tankou rapòtaj ki obligatwa pou sèten rezilta tès ak kontak nou konnen;
- Divilgasyon an obligatwa pou objektif sante piblik epi/oswa anrapò avèk sèten ensidan kote anplwaye Maimonides Health la ekspoze;
- Si ou se yon prizonye nan yon sant koreksyonèl epi divilgasyon enfòmasyon sekre sou VIH ou ba direktè medikal sant lan nesèsè pou direktè a egzekite fonksyon li yo;
- Pou desandan yo, divilgasyon an fèt ba yon direktè ponp finèb ki pran responsablite rès desandan yo epi ki gen aksè nan pwosesis nòmal biznis lan pou enfòmasyon sekre sou VIH nan sètifika lanmò desandan an;
- Divilgasyon an fèt pou rapòte abi oswa neglijan sou timoun ba otorite apwopriye Eta a ak otorite lokal apwopriye.

Maimonides Health ka anba sanksyon sivil oswa sanksyon kriminèl pou vyolasyon règleman sa yo sou enfòmasyon prive. Ou ka rapòte vyolasyon ou sispèk yo ba otorite konpetan dapre lwa federal ak lwa Eta a.

FASON POU FÈ YON PLENT KONSÈNAN ITILIZASYON ENFÒMASYON SOU VIH OU

Si ou viktim pratik diskriminasyon akòz divilgasyon enfòmasyon sekre sou VIH ou, ou ka kontakte Divizyon Dwa Moun Eta New York nan nimewo 844-697-3471 oswa ou ka kontakte Komisyon Dwa Moun Vil New York nan nimewo 212-306-7450. Ajans sa yo gen responsablite pou pwoteje dwa ou.